Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 26 (7375)
11 Июнь 2019 сон
Талат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Россиялъул аслияб байрам

«Унсоколо район» МОялъул администрациялъул, районалъул Собраниялъул депутатазул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула нилъер пачалихъияб праздник – Россиялъул Къо!

I990 соналъул I2 июналда къабул гьабуна Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб суверенитеталъул хIакъалъулъ Деклорация, ай улкаялъ курс босана гIадамазул эркенлъиялъул, законалъулаб ритIухълъиялъул, эркенаб демократическияб пачалихъ гIуцIиялъе. ХIакъикъаталда байбихьана цогояб Россиялъул цIияб тарих хъвазе. Гьеб праздникалъ ахIула миллияб цолъиялде ва нилъер улкаялъе гIоло щивасул жавабчилъиялде.

Хириял ракьцоял! Божарав вуго нужер захIмат бокьи, тIадегIанаб рахъи буголъи ва ВатIан цIунизе, гьеб тIегьазабизе, хъулухъ гьабизе нужер бугеб гьираялда. Жакъа нилъеца ракIалде щвезарулел руго Россиялъул цебетIеялъе квербакъарал гIелал, гьезул ишал. Нилъ киналго цолъизарула ВатIаналде бугеб рокьиялъ, ритIухълъиялда гIумро гьабизе бокьиялъ, нилъерго къуваталда божиялъ. Гьеб ккола Россиялъул стержень, нилъер букIинеселъул символ.

Жакъа щивас рекIелъ чIухIигун халкккун буго халкъазда гьоркьосеб аренаялда пачалихъалъул авторитет борхулеб, гIадамазул гIумро, рукIа-рахъин лъикIлъулеб бугеб куцалда хадуб.

Баркала районалъул общественнияб гIумроялъулъ жидерго щибаб къойилаб захIмат лъун гьеб цебетIезабулел ругезе. Биччанте нужер къуват, захIмат бокьи творческияб ва щибаб къойилаб жигар хадубккунги Унсоколо район тIегьаялъе ва цебетIеялъе кумекалъе чIезе. Россиялъул Къогун!

Гьаб праздникалъул къоялъ щибаб хъизаналъе гьарула рекъел, икъбал! Нилъер улка, гIагараб ракь тIегьаялъе лъолеб бутIаялъулъ битIккей гьарула щивасе!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## Аппараталъулаб совещание



I0 июналда райадминистрациялда ГI. НурмухIамадовасул бетIерлъиялда гьоркь тIобитIана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, кумекчагIи, отделазул нухмалъулел.

Данделъи рагьулаго бетIерас киназдаго баркана кIалбиччан къо тIобитIи, бицана хирияб моцIалъ гьарурал ифтаразул, гьел тIадегIанаб даражаялда иналъул.

Аслияб суаллъун данделъиялда букIана районалда санитарияб гун рацIцIа-ракъалъиялъул бугеб хIал, рацIцIалъи чIезабиялде кIвар кьеялъул. Гьениб ГI. МухIамадовичас бихьизабуна гьеб иш тIаде кколеб комиссиялъ рацIа-ракъалъиялъул суал хъаравуллъиялда гьоркь чIезабизе кколин. ТIадчIей гьабуна гьеб суалалда хурхун росабазул администрациябазул бутIрузулгун жамагIатчагIазулгун дандчIваял гIуцIизе кколин. Бицана гьезул кумекалдалъун хIалтIи цебе бачине кколинги. Гьенибго бицана росаби лъедалъун хьезариялъул, Россиялъул Федерациялъул Къо кIодо гьабизе хIадурлъиялъул. Гьелде хIадурлъиялда тIадчIей гьабуна культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевасги.

Совещаниялда районалъул школазда ЕГЭ, ОГЭял унел ругеб куцалда тIадчIей гьабуна лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиевас.

Данделъиялда рукIарал суалазда хурхун иш тIаде кколезе тIадкъаялги кьуна.

# ВатIаналъул праздникалъул хIурматалда



11 июналда райадминистрациялъул конференц-залалда букIана Россиялъул Федерациялъул пачалихъалъул кIвар бугеб праздник Россиялъул Къо кIодо гьабиялде буссараб рохалилаб тадбир. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, хъаравуллъи гьабиялъулгун хIисаб-суалалъул комиссиялъул пред. Ж. Шамсудинов, бетIерасул замал, гьесул кумекчагIи, учреждениял-организациязул нухмалъулел, администрациялъул хIалтIухъаби.

Тадбир рагьана ва бачана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас, гьес рагIи кьуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе.

Жиндирго кIалъаялда ГI. НурмухIамадовас абуна: «I2 июнь ккола хасаб Къо, гьелъ бицуна нилъер эркенлъиялъул, улкаялъул чияда бараблъи гьечIолъиялъул, бицуна гьелъул тIадегIанлъиялъул, кинабго гьелъие гIоло кьеялъул, ВатIан бокьизе ккеялъул. ВатIаналде рокьи гьеб ккола бищунго гъваридаб, кIвар бугеб ва щивасулъ щулаго цIунун букIине кколеб асар, гьеб наслуялъухъе ирсалъеги кьезе ккола. Гьеб ккола нилъер пачалихъалъул цолъиялъул къучI, гьелъул къуват.

Хириял районцоял, ракI чIараб буго нужер захIмат бокьиялда, улкаялъе г1оло кинабго гьабиялда, мурадалде босараб ишан кидаго букIине буго ВатIаналъе ва гьеб цебетIеялъе гьабулеб хъулухъалъун. Нилъер аслияб налъи ккола хадур гIолезе къуватаб, щулияб ва цолъараб Россия тей!

Нилъер районалъул къисматги тIубазабула гьанир гIумро гьабун ругел гIадамаз. Намус бацIцIадаб захIматалъ, махщалилаб бажариялъ, спортивиялгун творческиял бергьенлъабаз машгъур гьабулеб буго гьез жидерго гьитIинаб ВатIан. КIудияб баркала район цебебачиналъе гьабураб нужер щибаб къойилаб захIматалъухъ, общественнияб жигарчилъиялъухъ. Хадубккунги нужерго рухI-жан, захIмат бокьи, щивасул бажари букIин гIагараб район цебетIеялъе кьезе тавпикъ кьеги нужее. Гьарула щивасе рекъел, лъикIлъи, битIккей. Праздникгун районцоял!».

Тадбиралда бихьизабуна Россиялъул хIакъалъулъ фильм. ГI. НурмухIамадовас, районалъул ОМВДялъул нач. С. ХIажиевас, паспорталъул столалъул нач. Ш. ХIамзатовас гьенир кьуна партийниял билетал ва паспортал.

Мадугьал

## Мадугьалихъ кьал букIине лъикIаб гьечIо




Гъизляр районалъул жамагIаталъул рахIат хвезабураб, бакI-бакIазда нухазул гIаламатал ги чIван чачаназ гьарулел дагIба-къецал кIиябго республикаялда рагIи дандеккунгутIи хIалуциналъе ургъараб бугин лъазабуна РДялъул БетIер В. ГI. Васильевас. Чачаназул Шелковский районалъул хIакимзабаз лъазабизе кколаан гIорхъабазда гIаламатал лъолаго,-ян рикIкIунеб буго Дагъистаналъул БетIерасул администрациялъул нухмалъулев Владимир Ивановасги.

«Кавказалъул узелалъ» лъазабухъе I0 июналда сеталда бахъун букIана гIолохъанал гIадамаз «Шелковский район» абун тIад хъвараб нухлул гIаламат Гъизляр районалъул рагIалда лъолеб. Гьединал гIаламатал жеги чIвазе ругин бихьизабулеб буго Чачаназул парламенталъул спикер МухIамад Даудовас. КIиябго республикаялъул гIорхъабазде рехун буго камуфлированнияб техникаялъул цIикIкIараб къадарги.

(Ахир 2 гьумералда)

Дунялалъулго чемпион ХIабиб НурмухIамадовасул гьариялда рекъон РФялъул Президент В. В. Путиница Дагъистаналъе биччана 600 млн. Гьеб ине буго ХIабиб НурмухIамадовасул цIаралда бугеб школа баялъе. Бараб школа букIине буго гIицIго лъай кьеялъе гуребги спортсменал рахъинариялъеги къебелъилъун.



# Мадугъалихъ къал букIине лъикIаб гьечIо



ГIорхъабазда гIаламатал чIвараб бакIалда аскIоб М. Даудовас Гъизляр районалъул бетIер Александр Погореловасе хIисаб кьуна кколеб бугелъул рахъалъ гьадин: «Сонисеб лъугьа-бахьин букIинароан районалда гIумро гьабулезда гьеб бичIчIизабурабани. Нужеца жамагIатазул сходал гьаруралани, гIолилалгун росабазул, районалъул депутатал дандчIваралани гьел знакал рукIинароан». Гьединго Даудовас чанго минуталъ Гъизляр районалъул гIадамалгун дандчIвалаго бицана нухлул гIаламатал лъеялъе ругел гIиллабазул. «Дуца нухлул гIаламат бахъизе буго дир жаназаялда тIасан галиги тIамун»,-ян данде чIана М. Даудов. «Дур жаназаялда тIасан гали бегьунги бахъила ккани»,-ян кьварун лъазабуна гьесда Дагъистаналдаса цояс.

Дагъистаналъ жиндир ракьалъул бутIа тезе гьечIо кинав вугониги гьеб бахъизе бокьаразе. Суалал росизе руго бакIалъулал гIумро гьабулелги гIахьал гьарун дандразе,-ян бихьизабуна В. Васильевас хIалтIулаб совещаниялда. «Дун гьаб бакIалда гIодов чIун вукIадго цо метраги Дагъистаналъул ракьалъул, ай территориялъул цо рахъалъулаб пайдагун кьезе гьечIо. Гьез гIаламатал чIван руго жидерго территориялда, гьелдаго цадахъ нилъеца гьезда гьарулеб буго гьел жидецаго гьабулелдехун бичIчIигун балагье,-ян. Нилъер гIадамазул цо бутIаялъ гьеб рикIкIунеб буго гIаламатал чIвайлъун гуреб, нилъер территориялде интересал рукIинлъун»,-ян бихьизабулеб буго Youtube ялда бугеб В. Васильевасул видеозаписалдаги.

I6 марталда Чечнялда жалго лъикIаллъун лъугьун жидедаго хадуб Гъизляр районалъул гIорхъода бугеб Новомонастырское росдада аскIоб бугеб ракь тIад хъван буго гьез. Рамзан Кадыровасул вакилас бичIчIизабуна дагъистаналъулазул разилъи лъазегIан чачанал чIезе гьечIин. В. Васильевас бихьизабуна Гъизляр районалда цо хасаб гIорхъи чIваялъе лъолел гIаламатал гьечIин чачаназул рахъалдасан. «Гьез нилъер кIвар бусинабулеб буго цоги рахъалде. ГIаламат лъураб цо территория буго федералияб кIвáралъул, кIиго гIаламат лъун буго регионалияб территориялда, гьеб ккола я Дагъистаналъул гуреб я Чачаназул гуреб территория, гьединлъидал гьениб цоцалъ дагIба-рагIиги букIине кколаро»,-абун. Гьединаб жаваб В. Васильевас кьуна республикаялъул РИА «Дагъистаналъе».

Системаялъулал дандеккунгутIиял кIиябго республикаялда гьоркьоб гьечIо, амма руго «авантюристал» къокъаби цоцадехун ахIвал-хIал хIалуцинабизе бокьарал,-ян бихьизабуна республикаялъул БетIерас.

РДялъул БетIерас ва Правительствалъул администрациялъулбетIер В. Ивановасрик IкIунеб буго нухда гIаламатал лъолаго «Шелковский районалъул» нухмалъиялъ дагъистаниязда лъазабизе кколаанин. Гьабулелъулъ ритIухълъи бугеб батани гьелъул чIванкъотIарал хIасилал гьаризин. ХIакъикъаталдаги буго кIиго жамагIат – Гъизляралъул ва Шелковалъул. Цебе букIаралъулги бицун гьел гIодор чIезе, пикру дандбазе ккола. Гьелъ гIолилазда гьоркьоб дагIба-рагIи ккечIого, ахIвал-хIал хIалуцинчIого букIине квербакъилаан»,-ян бихьизабуна гьес.

«АхIулгохIил рагъ лъугIун - 180 сон»

**М-Н. Ибрагьимов**

# «АхIулгохIда» ахирисеб хоб

**(Байбихьи 6, 7, 8, 22 номеразда)**

Къалъудаса хадуб сагIат араб гIужалъ цо-цо руччабиги бихьиналги рачIун, имамасда гьарана, васги кьун рекъел гьабейилан. Рес къотIарав Шамилица рагъ къотIизе тана. Чара гьечIого Жамалудин тушманасухъе кьезе кколев вукIана.

- Щив инев Жамалудинида цадахъ?-ян гьикъана имамас пашманаб гьаркьидалъун. Жаваб кьолев чи ккечIо. Жиндир васгун цадахъ аманат хIисабалда кьезе гIурусазухъе аян цIаралги рехсон Шамилица гьаралал цо-цоязги инкар гьабуна.

-Имам, гьесул тIалаб-агъазги гьабизе, гьесда аскIовги вукIине, гьевгун цадахъ тIадги вуссине, дун ина Жамалудинида цадахъ,-анги абун, цеве вачIана къо ккараб бакIалда кидаго ватулев ЧIикIаса Юнус.

-Юнус, дудаса Аллагь разилъаги, ваче дида аскIове Жамалудин,-ян абуна имамас жиндирго божарав гьудуласда. Юнусица ПатIиматида аскIове вачун вачIана имамасул кIудияв вас. Жамалудин, бугеб ресалда рекъон кьачIан, вацIцIадго вукIана гьев.

-Жамалудин,-ян абуна Шамилица васасда цевеги кIусун, гьесул кIигъуждузда жиндирго кIиябго кверги лъун, кIваркьун бадивеги валагьун, - нижеца рекъел гьабизегIан, мун Юнусида цадахъ гIурусазухъе ине кьола. Чан къо дуца гьениб базе ккелебали лъаларо. Бихьинчи гIадин вукIа, дир вас.

-ЛъикI буго, дада. Баба гIодизе тоге дида хадуй-ян кьвакIун жаваб кьуна Жамалудиница. Жеги балугълъиялде вахинчIев васасул бихьинчияб жавабалъ рази гьавуна эмен.

-Вилълъа, Жамалудин,-анги абун, Юнусица микьго сон барав имамасул васасул квер ккуна. Шамил тIаде вахъана, рахъ-рахъалдеги рикьрикьун, нух кьолел гIадамазда гьоркьосан, нахъе-нахъеги валагьулаго, Юнусида цадахъ ана Жамалудин. Имамасул каранда жаниб зенкIезе лъугьана бухIулеб, гьалагаб ракI. Гьесда аскIоеги ячIун, накабазде йортун арай ПатIимат, ракьалда гьумерги чIван, гIодизе лъугьана. Имамасда нахъасан бахъана Жавгьаратилги яц ПатIиматилги угьди ва зигарди. ЧIаголъи тIагIарав Шамил, жиндасаго рикIкIалъулел ругел васги Юнусги рихьулел бакIалдаса тIерхьинегIан, гьезда хадув валагьун чIана.

Нахъисеб къоялъ дандияз тIалаб гьабуна генерал Пуллогун гара-чIвариял гьаризе живго имам вачIин. Шамилие бокьун букIинчIо гьеб пайда гьечIеб дандчIваялде ине. Имамасда лъалеб букIана Жамалудин тушбабахъе гIададе кьун вукIин, вас кьеялдалъун хIасил ккезе гьечIеблъи. Цере-цереги кьун рукIана гьезухъе аманатал, гьезда гьоркьор Шамилил гIагарлъиялъул чагIиги. Ахиралда ТIелекь росулъ кIиго соналъ цеве кьун вукIана имамасул яцалъул вас ХIамзат.

Цогидазго гIадин рагъул кьогIлъиги, къварилъиги, ракьи-къечги, камиялги хIехьон АхIулгохIда букIана имамасул тIолабго хъизанги цебесеб гIагарлъиги. Рагъулъги гьел цебесеб кьерда рукIана. ГIадамал гIодоре риччазариялъул мурадалда Шамилица тушбабазухъе кьуна жиндирго кIудияв вас. ГьитIинав вас вукIана хIалкьун. Лъукъаралги чIваралги чагIи гIагаразда гьоркьорги рукIана.

Рес къотIиялде ккарал гохI цIунулез гьеб кинабго борцунебги хIисабалде босулебги букIинчIо. Гьеб гохIда жалгоги наслабиги цадахъ ракьалдаса тIагIиналда хIинкъарал гIадамаз тIалаб гьабулеб букIана рекъел. Рагъ лъугIи букIана гьезул мурад. Дандиязулгун гара-чIвариял гьаризе имам живго ине бокьун букIана гIемерисел ахIулгохIилазе, аслияб куцалда руччабазе.

Шамилида цебего бичIчIун букIана тушманасе, щиб мацI бицунги живго кверде вачIине къаригIун букIин. Гьес инкар гьабулеб букIана дандиязул вакилгун дандчIвазе. АхIулгохI цIунараз гьесде гIайибал гIунтIизаризе, гьев хIинкъанилан абизе байбихьана. ВукIинчIо имам хIинкъунги къуркьунги. Гьел гIадамаз гIадин гIадатаб бералдалъун борцунеб букIинчIо Шамилица ахIвал-хIал. БатIияб роценалда борцунеб букIана гьес кинабго. ТIадегIанаб, адабияб пикру-къасд букIана гьесул ишазулъ тIоцебесеб бакIалда. Гьеб кинабгоги гьал гIадатиял магIарулазе гIоло букIинги хIисабалде босулеб букIана имамас. Гьединлъидал Шамил ине ккана генерал Пуллогун дандчIвазе ва гара-чIвариял гьаризе.

ДандчIваялде иналде имамас буюрухъ кьуна киналго руччабазги бихьиназул ретIел ретIеян. Ва гохIда ругелщинал гIадамал гIурусазда рихьулел бакIазде рахъаян. Гьедин гьабиялъул магIна букIана дандияздa гъазизабазул жеги цIикIкIараб къуват бугилан ккезаби. ХIакъикъаталдайин абуни, АхIулгохI цIунаразул къадар бащадалдаса дагьлъун букIана. ХутIаралги рукIана свакарал, лъукъарал, ракъарал, къечарал, унтарал гIадамал.

Дагьал нахъегIан къо кканани тушбабазде тIаде кIанцIизе хIадурал мюридзабазул кIудияб къокъаги тун, гьезие нухмалъиги Балахъунаса Мусада тIадкъан, Шамил ана Пуллоги гьесда цадахъ рукIарал лъабго-ункъгоялги эхетараб бакIалде. Имамас гара-чIвариялде цадахъ рачана Бартиханги, ГIандиса Гъазиявги. Гьезда цадахъ ана Унсоколоса ТIагьирги, Генуса СалихIилавги, ЧIикIаса Юнусги. Генералгун рачIаразда цадахъ, гьоркьохъеб хIисабалда, вукIана ЧIикIаса Биахъай абулев хиянатчиги.

ГIодобе рехун букIараб туртида гIодор чIолаго, Шамилица, щиб кканиги букIинеян, цIодорлъи гьабун, генераласул чухъил рагIал жиндаго гьоркье ккезабуна. Тушбабазул рахъалдасан кинабгIаги сихIру-макру загьирлъани, Пулло тIаде вахъине тезе имамасда ракIалда букIинчIо. Бартиханги Гъазиявги Шамилида аскIор гIодор чIана. ТIагьирги, СалихIилавги, Юнусги яргъида квералгун, тушбабазда бералгун, битIахъе имамасда нахъа рахъун чIана.

Гьоркьов тилмач гьечIого гьабулеб гара-чIвари байбихьана лъарагI мацIалда. ГIемераб, чIамучIаб, хIасил ккечIеб хабар бицана генераласги имамасги. АхIулгохIда вукIаго полковникасул чиналде вахарав пахрувяв Пуллоца тIалаб гьабуна: имамги гьесул гьалмагъзабиги жидеего бокьун кверде рачIин, АхIулгохIда бугеб кинабго ярагъ гIурусазухъе кьей ва цогидалги шартIал тIурай. Шамилица инкар гьабуна гьел тIалабал къабул гьаризе. Имамас жиндирго рахъалдасан тIалаб гьабуна: вас Жамалудин ЧIикIаса Юнусил бербалагьиялде кьей, генерал Граббе АхIулгохIда аскIоса нахъе ин, асир гьарурал магIарулалги гьезухъа бахъараб давлаги нахъе кьей, АхIулгохI цIунарал рокъоре риччай. Гьеб кинабго тIубани, Шамил разияв вукIана моцIидасан живго генерал Граббегун дандчIвазе. Пуллоцайин абуни къасд гьабуна имам гьебсагIатго Граббеда цеве эхетизавизе.

-Нуж эркенал гIадамал руго, дуда кIола бокьараб хIукму гьабизе, Шамил. Нижер гьединаб ихтияр гьечIо. Пачаяс малъараб гурони нижеца гьабизе бегьуларо. Гьединлъидал, пачаясулгун дандбазе букIине, кинабго бичIчIизабизе мун дида цадахъ генерал Граббеда аскIове вилълъине ккола,-ян сихIирго абуна лъарагI мацIалда гIезегIан берцинго кIалъалев вукIарав Пуллоца.

-Гьазул хиял буго дун кквезе. Ма, босе гьанже!-ян магIарул мацIалда абуна Шамилица, гьалмагъзабазухъги валагьун.

-БитIараб буго, дуца абухъе, ниж эркенал, лъилниги зулму хIехьоларел гIадамал руго,-ян харбиде гьоркьове жувана Бартихан. Полковникас Шамил рес къотIараб бакIалде ккезавулев вукIин бихьидал, гьес хIукму гьабуна дандчIваялъе ахир лъезе. – Цояс гьабула, цогияс хвезабула. Цояс бухьуна, цогияс бичула. Нижер руго цIаларал, хIалбихьи цIикIкIарал, иш лъалел гIадамал, нижеца дуца малъараб гьабулеб бугони, гьезда дандбан гурони гьабизе гьечIо.

Гьел рагIаби абулаго, Бартихан СалихIиласухъ валагьана. СалихIилас тIасаги бахъун тIагъур кодоб ккуна. Гьеб, цебеккунго дандбан букIараб ишара-гIаламат бихьарабго, АхIулгохIил будун Ибрагьимил ХIусеницаги заманго щвечIого къадекак ахIизе лъугьана.

**(Хадусеб букIине буго)**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 26 (7375)
Талат
11 Июнь 2019 сон

3 гьумер





# Ярмарка вакансий для несовершеннолетних «Трудовое лето-2019!»



В рамках празднования Международного дня защиты детей 31 мая в Центре занятости населения в МО «Унцукульский район» прошла тематическая ярмарка вакансий для несовершеннолетних «Трудовое лето-2019!». Основная цель ярмарки – вовлечение несовершеннолетних в трудовую деятельность на время летних каникул. На ярмарке были представлены вакансии для подростков, желающих трудоустроиться во время летних каникул.

В ярмарке вакансий для несовершеннолетних «Трудовое лето-2019!», проводимой центром занятости населения в МО «Унцукульский район», присутствовали 5 работодателей зарегистрированных в Унцукульском районе:

1. Военно-спортивный центр им. Имама Шамиля,
2. ИП Абдурахманов А.А.
3. ООО «Алькор»
4. МКОУ Гимринский СОШ
5. Админстрация МО «село Гимры»

С 26 вакантными рабочими местами для временного трудоустройства подростков в период каникул (оператор - 4 чел., подсобные рабочие -22 чел). Достигнута договоренность и планируется заключение договоров с ИП Абдурахманов А.А., МКОУ Гимринский СОШ, ООО «Алькор», Админстрация МО «село Гимры» на временное трудоустройство 26 несовершеннолетних граждан.

Среди приглашенных социальных партнеров в ярмарке вакансий приняли участие представители управления образования и комиссии по делам несовершеннолетних.

Ребята получили информацию об условиях участия в программе по содействию временного трудоустройства несовершеннолетних граждан в возрасте от 14 до 18 лет в свободное от учебы время, трудоустроившись на рабочие места, предложенную на ярмарке вакансий, узнали, что заработная плата несовершеннолетних граждан, при условии отработки месячной нормы рабочего времени, предусмотренной для каждой возрастной категории, и выполнивших нормы труда не может быть ниже минимальной оплаты труда, установленной законодательством Российской Федерации, а также они узнали что получат материальную поддержку из средств республиканского бюджета на период участия во временных работах в сумме не ниже минимального размера пособия по безработице, установленного законодательством Российской Федерации, выплачиваемой центром занятости.

Участники ярмарки были проинформированы об условиях работы в организации о соблюдении норм охраны труда. Также несовершеннолетние граждане узнали, что будут иметь возможность получить квалифицированную юридическую помощь в области трудового законодательства. Присутствующим работодателям был доведен порядок приема на работу несовершеннолетних, проведен инструктаж по охране труда.

В мероприятии приняли участие около 80 (восемдесть) несовершеннолетних граждан, в том числе 1 (один) подросток, состоящий на учете в комиссии по делам несовершеннолетних, в ОПДН отдела МВД.

Подобные мероприятия помогают старшеклассникам в выборе профессии и рода деятельности. Каждый участник прошел психологическое тестирование, которое позволяет охарактеризовать тип личности, выявить черты характера, на которые стоит опираться в выборе направления профессионального развития.

Учащиеся смогли задать все интересующие вопросы, получили подробную информацию о профессиях, востребованных на рынке труда, а также о нуждающихся специалистах.

В ходе ярмарки ребята получили информационные материалы: буклеты о востребованных на рынке труда рабочих специальностях, памятки для несовершеннолетних «Моя первая работа», «О временном трудоустройстве несовершеннолетних в возрасте от 14 до 18 лет в свободное от учебы время», брошюры, рассказывающие в доступной форме о направлениях деятельности службы занятости, а работодатели получат «Памятка для работодателей при оформлении трудоустройства несовершеннолетних граждан от 14 до 18 лет в свободное от учебы время».

**Р. МАГОМЕДАЛИЕВ**
**Инспектор по трудоустройству ГКУ РД ЦЗН МО «Унцукульский район»**

# Представители Дагестана принимают участие в работе Петербургского международного экономического форума ПМЭФ - 2019

В Санкт-Петербурге стартовал Петербургский международный экономический форум- 2019 (ПМЭФ).

Как и в предыдущие годы, в нем принимает участие дагестанская делегация во главе с руководителем республики Владимиром Васильевым.

Отметим, Форум проводится с 1997 года, а с 2006 года проходит под патронатом и при участии Президента Российской Федерации.

За прошедшие годы Форум стал ведущей мировой площадкой для общения представителей деловых кругов и обсуждения ключевых экономических вопросов, стоящих перед Россией, развивающимися рынками и миром в целом.

Основные мероприятия пройдут с 6 по 8 июня в Конгрессно-выставочном центре «Экспофорум».

В рамках программы продвижения Петербургского международного экономического форума ежегодно проходят крупные выездные мероприятия, деловые форумы, встречи представителей бизнес-сообществ.

Здесь, на площадке ПМЭФ, руководителем Республики Дагестан Владимиром Васильевым запланирован ряд деловых встреч, в том числе с Председателем совета директоров АО



«Фармстандарт» В.Харитониным, а также с главами субъектов СКФО для обсуждения приоритетов и ключевых направлений развития округа.

Глава Дагестана планирует участие в традиционном деловом завтраке и пленарной сессии «Сбербанка», в заседании консультативной комиссии Государственного совета Российской Федерации по вопросу «Реализация национальных проектов: возможности и устойчивость региональных бюджетов» под председательством первого заместителя Руководителя Администрации Президента РФ С.В.Кириенко и, помимо этого, в круглом столе на тему: «Россия в Каспийском регионе. Перспективы развития международной торговли».

В ходе форума ожидается подписание соглашений с МРСК «Россети», Госкорпорацией «Ростех», ФГУП «Почта России» и др.

В составе делегации Первый заместитель Председателя Правительства РД Гаджимагомед Гусейнов, министр информатизации, связи и массовых коммуникаций РД Сергей Снегирев, врио министра экономики и территориального развития РД Гаджи Султанов, врио руководителя Агентства по предпринимательству и инвестициям Республики Дагестан Гаджи Гасанов.

# Ракъул гарцI (саранча)

**(Гьеб ТIадегIанасул тIахьазда бихьизабулеб буго зодисан рештIунеб Аллагьасул цо балагь гIадин. ХIинкъи бугеб бугищ гарцI?)**



ТIад балагьун ракъул гарцI бихьула щибго къварилъи гьечIеб гIадин. Амма цебечIезабе чIагояб гарцIил кIудияб руккел. Гьел рукIуна миллионал, миллиардал, дагьабги цIикIкIун цадахъ ракIарун. БитIухъе чIегIераб накIкI лъураб гIадин бецIлъизабула гьез зобгицин. Гьеб бакъараб хIутI-хъумуралъ сундаго чIухIичIого кванала гъветIалъул макъарги, гIолел гъутIбиги, гьезул тIамахги, хер-кIечалъул гьарурал тIохал, гамил парусал, ретIелгицин.

Цо руккелалда хадур рукIуна цойги тIелал, бацIцIад гьабун кванан ракъдал авалахъалде буссинабула гьез сверухълъи.

Ракъул гарцIал щваралъур гIадамазде баккана ракъи, хвана аза-азарккун гIадамал. Нилъер заманалда хIинкъи цIакъго цIикIкIараб гьечIониги, гьеб тIубанго лъугIунги гьечIо. НекIсияб дунялалда гарцIил руккелаби тIаделъи рикIкIунаан ТIадегIанасул ццим бахъинлъун.

Щай гарцIица (саранчаялъ) цо-цо мехалъ кьер хисулеб, ай гIурччинаб тIугьилаблъун лъугьунеб? Гьединаб бажари гьечIо цогидал хIутI-хъумуразул. ГIурччинаб ккола жибго цохIо бугеб, тIогьилаб абуни ккола къукъаялъул член. Гьединалъ цо хутIаралъе квен ва цогидабги бикьула ва гьелда цебе хIаракатаблъун хIала. Гьава-бакъалда рекъон рехула цойги кьер, лъола ханал, лъазабула рорженалъул махщел, роржуна къокъа гIуцIун. БичIчIуларо гьеб щаяли.

Библиялдаги гарцIиде (саранчаялде) абулеб буго Аллагьасул балагь биччай,-абун. ТIоцебе гьеб биччана Муса аварагасул халкъалъе церехун ине фараонас нух къвараб мехалъ. НекIсияб Египеталда. Кинабниги гьеб заманалда фараоназде биччана анцIго балагь, гьезул микьабилеб букIана гарцIил тIадекIанцIи. Гьелъ букъана кинабго бижарабщинаб, баккана ракъи.

# ЦIа свинабуна



5 июлалда бакъвараб хер бухIулаго цIа ккана Майданское росулъ. Цо параялда цIа тIибитIун ана лъабго гектаралда. Гьеб унеб букIана гIадамал жанир чIолел рукъзабазда аскIосан. Амма росдал жамагIаталъул, гьелъул гIолилазул, гьединго Хьаргаби районалъул № 34 бугеб РДялъул ГКУялъул «ГОялъул ва ЧСалъул Центр» ТКУялъул хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун хадубккун тIибитIизе течIого цIа свинабуна. Росдал бетIер А-XI. НурмухIамадовас цIа свинабиялъулъ би- хьизабураб хIаракатчилъиялъухъ баркала загьир гьабуна кинабго гьеб ишалъулъ гIахьаллъаразе.

# Объявление

МКОУ Унцукульский СОШ № 1» объявляет конкурс на замещение вакантной должности учителя начальных классов.

Требования к квалификации: высшее педагогическое образование по квалификации учителя начальных классов; приветствуется опыт работы по данной специальности.

Сроки приема заявлений претендентов на участие в конкурсе: с 13. 06. 2019 г. по 24. 06. 2019 г.

К заявлению должны быть приложены копии документов, подтверждающих соответствие претендента квалификационным требованиям (диплом об образовании), справка о наличии (отсутствии) у гражданина судимости, документ об отсутствии у гражданина заболевания, препятствующего поступлению на данную работу.

Место приема документов для участия в конкурсе: с. Унцукуль, ул. Абдулсатара Абдулаева, 2, МКОУ «Унцукульский СОШ № 1» с 9.00 до 12.00 в рабочие дни.

Конкурс состоится 01. О7 2019 г. в МКОУ «Унцукульская СОШ № 1»

Требования к соискателям:

1. Знание основных вопросов педагогики, психологии младшего школьника, документов ФГОС, Конвенции о правах ребенка.
2. Знание содержания работы, навыки коммуникабельности.
3. Предоставление резюме.
4. Прохождение тестирования и собеседования.

Контактный телефон для справок: **8 989 674 68 45**

# Дагьабго гьими

ХIалхьи гьабулев вугесе ралъдал рагIалдаса рукъ кквезе бокьун букIана.

-Кибха бугеб нужер гьаниб санагIалъи,-ян цIехола гьес, хIалхьи гьабулеб бакIалъул хважаинасда.

Хозяин (нечон)

-Азбаралъуб.

-Азбар киб бугеб?

- Нух бахун добехун.

-Нух киб бугеб?

-Гьаб нухккун эхеде ун, гъоба гьикъе! Нижеда гьел къазе кIочон тун руго».

* * *

Шиномонтажалда цIияб резина лъун хадуб бихьинчиясухъе бачIуна SMS –лъазаби. «Вася, мун жеги чIаго ватани, гIодове виччан машина чIезабе, къай бералъул болтал.

* * *

-Наполеон, щай мун Россиялда хъетIолев?

-Щайгурелъул дун бищунго къуватав вугелъул.

-Лъица дуда гьеб абураб?

-Жозефиница.

-Гьедин батани, Россия гьениб щай хIажалъараб?!

* * *

-Вай! Дур кухнялъул къадазда тараканал рекерулел руго.

-Гьеб гьединал обоял руго.

-Кин?

-Гьалбал тIад гIемераб мехалъ чIечIого рукIине.

Квен – дару

# ГьагIу: кинаб пайдаяб бугеб?

**(ГьагIу-бульон рикIкIуна евреязул пиницилинлъун – гьелъул пайдаялъул ГIизраилалда щивасда лъала. Гьаг1далъ буго магний, фосфор, цинк ва батIи-батIиял витаминал).**



I. **Гьанал**. Кумек гьабула би лъамалъиялъе, тромбал лъугьунгутIиялъе. Цо чашка гьагIдал къижиладе цебе гьекъани, макьу лъикIаб щола. Гьединго гьанал гьагIу бечедаб буго фосфоралдалъун, магниялдалъун, цинкалдалъун, батIи-батIиял витаминаздалъун, аслияб куцалда гьел рукIуна В группаялъул. Амма диетологаз лъикIаблъун бихьизабулеб буго рукьбузул гьагIуялдаса инкар гьабизе, гьелъулъ гIемер батIи-батIиял цIамал рукIин хIисабалдеги босун. Гьединго дагьаб букIуна гьаг1далъ кьаралъи ва холестерин. Железоялдалъун бечедаб хIайваналъул гьагIу бихьизабун буго анимия бугеб ва черхалъул къуват дагьлъараб мехалъ.

2. **ЧчугIил**. Гьеб букIуна кутакалда пайдаяб. ЧчугIил гьагIдалъ руго В, Е, С, Н витаминал гьединго РР, железо, йод, цинк, фосфор, калий, натрий, магний. Гьедин гьелъ хехго рукIалиде ккезабула чорхол хIал дагьлъи. Амма ччугIил гьагIуялдехун цIодорго рукIине ккола. Чорокал бакIаздаса ккураб ччугIил черхалъе зарал букIине бегьула зарлияял металлаздалъун, токсическиял цолъияздалъун, канцерегоназдалъун.

3. **ГIанкIудал**. Гьелъ щула гьабула иммунитет. Цебегоялдаса нахъе гIанкIудал гьанал гьагIу кьола унтарав чиясе. Гьелъулъ руго гIемерал организмаялъе хIалтIизаризе бигьаял кислотаби. ГIанкIудал квенал лъикIаллъун рихьизарун руго давление бахунезе ва рекIел унтаби ругезе. Гьелъулъ буго $B_2$ витамин. Гьелъ лъикIлъизабула обмен веществ, гIодобе ккезабула нервабазул хIалуцин. Витамин $B_6$ букIиналъ лъикIлъизабула тIомол хIал, витамин $B_{12}$ букIиналъ рукIалиде ккезабула давление, нерваби. Амма пайдаяблъун рикIкIуна гIицIго рукъалъул гIанкIу.

**Газета основана 1937 г.**
**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**
**Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**
**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 10. 06. 19 г. 16. 10
фактически -16. 30 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.